

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar desain panalungtikan, *setting* panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, analisis data, téhnik ngumpulkeun data, sarta prosedur panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode panalungtikan tindakan kelas (*Classroom Action Research*).

Nurutkeun Rochiati Wiriaatmadja (2005: 13) panalungtikan tindakan kelas nya éta kumaha guru bisa ngaorganisasikeun kondisi atawa kaayaan prakték pangajaran siswa, jeung bisa diajar tina pangalaman manéhna sorangan.

PTK mangrupa kajian sistematis pikeun upaya ngabener palaksanaan praktik pendidikan ku sakelompok guru nu ngalakeun tindakan-tindakan dina pangajaran dumasar kana répléksi ngeunaan hasil tina éta tindakan (Ebbut, 1985). Alesan panalungtik milih ieu métode dumasar sawangan para ahli yén PTK téh ditujukeun pikeun nelaah pamahaman kana tindakan nu dilakukeun salila prosés pangajaran, sarta pikeun meneran kahéngkérangan-kahéngkérangan nu masih aya dina prosés pangajaran jeung pikeun ngawujudkeun tujuan-tujuan dina prosés pangajaran. Lian ti éta, alesan panalungtik ngagunakeun ieu métode, nya éta pikeun ngungkulan pasualan nu keur disanghareupan ku guru di kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajaran 2010/2011 dina pangajaran nulis

ésai ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal saluyu jeung salasihiji tujuan PTK nya éta pikeun ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar (Sanjaya, 2009:33).

Di handap ieu gambar alur panalungtikan tindakan kelas (PTK) nu dicutat tina modél PTK Kemmis jeung Mc Taggart dina Arikunto (2009:16).



Gambar 3.1

Modél Panalungtikan Tindakan Kelas Kemmis & Mc Taggart

PTK *menuntut* sangkan guru sadar kana prosés nu bisa nyampurnakeun jeung menerkeun persepsi jeung tanggung jawab pikeun ningkatkeun jeung mangaruhan prosés diajar nepi ka peningkatan hasil diajar siswa. Dumasar kana gambar di luhur aya opat langkah penting dina PTK, nya éta rencana (*planning*), tindakan (*action*), pengamatan (*observing*) jeung répléksi (*reflecting*). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku lima tahap kagiatan.

Tahap 1: Nyusun Rarancang Tindakan (*Planning*)

Tahap nyusun rarancang tindakan mangrupa tahap ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan nu rék dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik kajadian pikeun ditalungtik sacara husus. Satuluyuna nyieun instrumen panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarekam pakta nu kajadian salila tindakan lumangsung.

Tahap 2: Pelaksanaan Tindakan (*Action*)

Tahap nu kadua nya éta tahap pelaksanaan tindakan anu mangrupa implementasi média foto jurnalistik dina nulis ésai nu geus dirarancang. Dina pelaksanaan tindakan kudu luyu jeung hal-hal nu geus dirarancang, jeung dilaksanakeun sacara bener teu dijieun-jieun. Dina ieu tahap guru kudu bisa ngaluyukeun tindakan jeung naon waé anu geus dirumuskeun.

Tahap 3: Pengamatan (*Observing*)

Tahap katilu nya éta kagiatan panalungtikan nu dilakukeun ku panalungtik. panalungtikan kudu nyoko kana instrumén. Nurutkeun Kusnandar (2008:98) aspék nu ditalungtik dina PTK nya éta: (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung kendala tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung kendala ngahambat atawa ngamudahkeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna; (e) pasualan lain nu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Tahap 4: Refleksi (*Reflecting*)

Tahap ieu mangrupa sarana pikeun ngungkapkeun deui naon-naon nu geus dilaksanakeun. Kagiatan réfléksi dipigawé nalika guru pelaksana geus migawé tindakan, tuluy gawé bareng jeung panitén.

Opat tahap nu dilakukeun dina panalungtikan nya éta unsur pikeun ngawangun hiji siklus, nya éta hiji puteran sacara ngaruntuy nu balik deui ka léngkah mimiti. Hiji siklus ngawéngku tahap perencanaan, pengamatan, obsérvasi jeung réfléksi.

3.2 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjek panalungtikan, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nya éta di SMA Kartika 2 Siliwangi Bandung kelas XII IPA taun ajaran 2010/2011 nu alamatna di Jl Pak Gatot Raya No 73 s KPAD Geger Kalong Bandung

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajaran 2010/2011 anu jumlahna 28 siswa, anu ngawengku 20 urang siswa awéwé jeung 8 siswa lalaki.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Waktu panalungtikan diayakeun salila tilu minggu, anu diwincik saperti dina ieu tabél di handap.

Tabel 3.1

Waktu Panalungtikan

NO	KAGIATAN	POÉ	WAKTU
1	Tés Awal	Sénén	17 Januari 2011
2	Siklus 1	Sénén	24 Januari 2011
3	Siklus 2	Sénén	31 Januari 2011

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan dina ieu panalungtikan teu nimbulkeun salah tafsiran, perlu ayana katerangan ngeunaan sababaraha istilah nu dipaké, di antarana baé:

- 1) Média foto jurnalistik dina ieu panalungtikan nya éta média pangajaran nu miboga fungsi pikeun nepikeun hiji hal atawa ngakomunikasikeun ngaliwatan foto. Média foto jurnalistik ogé ngababarikeun penjelasan nu sipatna abstrak sahingga siswa leuwih babari maham kana naon nu dimaksud.
- 2) Kamampuh nulis ésai nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh visual anu mangrupa kamampuh niténan foto jurnalistik, lian ti éta kamampuh nulis ésai dina ieu panalungtikan nya éta salasihiji wangun tulisan anu meredih pikeun nerangkeun jeung ngajéntrékeun hiji poko pikiran, anu bisa ngajembaran pamadegan atawa pangaweruh hiji jalma anu macana. Kamampuh nulis ésai ieu baris dijieun ku siswa kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 ngagunakeun média foto jurnalistik, pikeun ngukur hasil nulis ésai maké téhnik tés.

3.4 Tehnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Lofland jeung Lofland dina Moleong (2006:157) nétélakeun yén sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nya éta **kata-kata, fakta** jeung statistik. Pikeun meunangkeun data, ku kituna dibutuhkeun data nu saluyu jeung ieu panalungtikan. Tehnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tehnik wawancara, tés, obsérvasi jeung catatan lapangan. Ieu data-data satuluyna dikumpulkeun pikeun dianalisis salila panalungtikan.

3.4.1 Téhnik Wawancara

Numutkeun Denzin dina Goetz jeung LeCompte (Wiriaatmadja, 2008:117) wawancara mangrupa patalékan-patalékan nu ditanyakeun sacara verbal ka jalma-jalma anu dianggap bisa méré informasi atawa penjelasan hal-hal anu dianggap perlu.

Ari numutkeun Hopkins (1993:125) wawancara nyaéta hiji cara pikeun mikanyaho situasi nu tangtu di jero kelas ditingali tina sudut pandang anu béda. Jalma-jalma nu bisa diwawancara bisa siswa, kepala sekolah, babaturan, pagawé tata usaha sakola, wali murid, jst. Jalma anu diwawancara disebut informan atawa key *in-forman*, nya éta jalma anu mibanda pangaweruh husus, status, atawa kaparigelan komunikasi (Wiriaatmadja, 2008:117).

3.4.2 Téhnik Tés

Tés mangrupa salasihiji alat pikeun ngukur, nya éta alat ngumpulkeun informasi karakteristik hiji objék.

Numutkeun Djemari (2008:67) tés mangrupa salasihiji cara pikeun naksir kamampuh hiji jalma sacara teu langsung, nya éta ngaliwatan réspon hiji jalma kana stimulus atawa patalékan. Dina pembelajaran hiji objek ieu bisa diartikeun kaparigelan peserta didik, minat, motivasi, jst.

Tés dina panalungtikan ieu nya éta tés nulis ésai siswa kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung.

3.4.3 Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi bisa diartikeun salaku pengamatan jeung pencatatan sacara sistematis salaku gejala nu aya dina objek panalungtikan (Margono, 2004:158). Panalungtikan obsérvasi kelas dilakukeun pikeun nempo prosés pembelajaran nu keur lumangsung. Ngaliwatan obsérvasi dipiharep panalungtik meunang informasi ngeunaan gambaran pembelajaran nu lumangsung saperti suasana kelas, cara guru mengajar, pola interaksi, aktivitas siswa jeung kajadian-kajadian lain nu dianggap penting.

3.4.4 Téhnik Catetan Lapangan

Sumber informasi nu kawilang penting dina ieu panalungtikan nya éta catetan lapangan (*field notes*) nu dijieun ku panalungtik atawa mitra panalungtik nu jadi panitén atawa obsérvér. Catetan lapangan atawa *field note* digunakeun ti mimiti prosés pangajaran nepi ka beresna prosés pangajaran. Catetan lapangan mangrupa catetan harian guru nu berisi hasil observasi, réaksi, jeung refleksi guru ka pangajaran nu dikelolana.

3.5 Alat Ngumpulkeun Data

Alat ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta padoman wawancara, padoman tés, padoman obsérvasi, jeung catatan lapangan.

3.5.1 Padoman Wawancara

Padoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngawawancara ka guru bidang studi séjén pikeun bahan pangajaran anu maké média foto jurnalistik.

Lembar wawancara dina Tindakan Pra-panalungtikan/panalungtikan awal

Wasta Informan :

Ping Wawancara :

1. Matéri naon waé nu geus diajarkeun ka Siswa Kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung?
2. Kumaha kamampuh nulis siswa kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung?
3. Média naon anu pernah dipaké dina pangajaran nulis ésai?

3.5.2 Tés

Tes dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kamampu siswa

1. Jieun tulisan ésai anu sarat-saratna ditétélakeun di handap!
 - a. Téma karangan bébas
 - b. Jieun tulisan ésai kalawan ngagunakeun basa anu bener tur merenah!
 - c. Panjang karangan minimal satengah kaca polio
2. Waktuna 45 menit

Pikeun ngukur tés nulis ésai, baris ditangtukeun format peunteun nu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipimilik siswa.

Tabel 3.2

Format Peunteun Nulis Ésai

Format Peunteun :

Wasta :

Kelas :

Aspek	Skor	Kriteria
Diksi	22-26	Hadé Pisan – sampurna: Pilihan kecapna tepat, arti kata jeung bahasana saluyu, jeung boga gaya basa nu alus.
	17-21	Cukup – hadé: Pilihan kecapna tepat, arti kata jeung bahasana saluyu tapi gaya bahasana kurang ngirut ati.
	10-16	Sedeng – cukup: pilihan kecapna kurang tepat, arti kata jeung gaya bahasana kurang ngirut ati.
	5-9	Kurang Pisan: Pilihan kecapna kurang tepat, arti kata jeung gaya bahasana teu ngirut ati.
Hasil Penginderaan (panénjo, pangdengé, pangrasa,	22-25	Hadé pisan – sampurna: tulisana museur kana hasil penginderaan, sahingga bener-bener ngagambarkeun kesan hasil

<p>pangangseu, paraba,)</p>	<p>17-21</p> <p>10-16</p> <p>5-9</p>	<p>penginderaan.</p> <p>Cukup – hadé: tulisana teu museur kana hasil penginderaan, tapi mampu ngagambarkeun kesan hasil penginderaan.</p> <p>Sedeng – cukup: tulisana teu museur kana hasil penginderaan, tapi saeutik <i>mencerminkan</i> kesan penginderaan.</p> <p>Kurang pisan: teu museur kana hasil penginderaan jeung teu <i>mencerminkan</i> hasil penginderaan.</p>
<p>Perincian</p>	<p>22-25</p> <p>17-21</p> <p>10-16</p> <p>5-9</p>	<p>Hadé pisan– sampurna: dina eusi tulisan ésaï ngandung ciri-ciri ésaï nu diébréhkeun sacara rinci jeung teratur.</p> <p>Cukup-hadé: tulisana ngandung sawareh ciri-ciri tulisan ésaï nu teu diébréhkeun sacara rinci jeung teratur.</p> <p>Sedeng – cukup: tulisana ngandung saeutik ciri-ciri tulisan ésaï jeung teu diébréhkeun sacara rinci jeung teratur.</p> <p>Kurang pisan: tulisana teu ngandung ciri-ciri tulisan ésaï jeung teu diébréhkeun sacara rinci jeung teu teratur.</p>
<p>Kamampuh</p>	<p>22-25</p>	<p>Hadé pisan– sampurna: sakabéh paragraf</p>

<p>ngalibatkeun perasaan pamaca</p>		<p>dina tulisan mampu ngalibatkeun perasaan pamaca sahingga pamaca seolah-olah ngarasakeun naon anu dicaritakeun ku panulis.</p> <p>17-21 Cukup-hadé: sabagian tulisan mampu ngalibatkeun perasaan pamaca jeung nyirikeun tujuan panulisan éesai.</p> <p>10-16 Sedeng – cukup: tulisana kurang bisa ngahadirkeun perasaan pamaca tapi masih ngandung ciri-ciri tulisan éesai.</p> <p>5-9 Kurang pisan: tulisana teu mampu ngalibatkeun perasaan pamaca, jeung teu nyirikeun unsur-unsur tulisan éesai.</p>
---	--	--

* Didasarkan atas 'ESL Composition Profile' dalam Jacobs, Holly L. Dkk. 1981. *Testing ESL*

Composition A Practical Approach. London: Newbury House Publishers, Inc, h.101

Nilai = $\frac{\text{skor perolehan}}{\text{skor ideal}} \times 100$

Skor ideal

Tabel 3.3**Peunteun dumasar KKM**

Kategori Peunteun :

Peunteun	Keterangan
≥ 65	Tuntas
≤ 65	Teu tuntas

3.5.3 Lambaran Obsérvasi

Lambaran obsérvasi mangrupa salasihiji instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Aya sababaraha format lembar obsérvasi nu dipaké dina ieu panalungtikan ny éta lembar obsérvasi aktivitas guru, lembar obsérvasi aktivitas siswa jeung catetan lapangan.

3.5.3.1 Lembar Obsérvasi Aktivitas Guru

Lembar obsérvasi aktivitas guru mangrupa salasihiji instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Dina lembar obsérvasi aktivitas guru, obsérvér nulis hasil observasi aktivitas guru salila lumangsungna kagiatan pangajaran.

LEMBAR OBSERVASI AKTIVITAS GURU

Wasta Obsérver :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompeténsi : (12.4) *Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk puisi, esai, dan naskah drama.*

Kompetensi Dasar : (12.4.2) Menulis esai berdasarkan topik tertentu

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	<p>Kegiatan awal</p> <p>a) Ngadata kahadiran siswa.</p> <p>b) Méré apresepsi jeung motivasi</p> <p>c) Ngajelaskeun ngeunaan tujuan pangajaran.</p>			
2.	<p>Kegiatan inti</p> <p>a) Méré materi ngeunaan ésai</p> <p>b) Méré média foto jurnalistik.</p> <p>c) Nugaskeun siswa pikeun ngébréhkeun idé tina hasil niténan média foto jurnalistik kana wangun tulisan ésai</p> <p>d) Méré perhatian ka siswa anu keur</p>			

	nyieun ésai. e) Ngabimbing siswa pikeun ngoréksi kasalahan anu dilakukeunana. f) Méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.			
3.	Kegiatan ahir a) Negeskeun deui matéri pangajaran nu geus ditepikeun. b) Ngayakeun postes. c) Ngajelaskeun kagiatan lanjutan kaasup panugasan d) Panutup.			
	Jumlah			
	Persentase			

Keterangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catetan obsérver:

.....

.....

.....

Observer

Bandung,... Januari 2011
Panalungtik,

NIP/ NIM

NIM

3.5.3.2 Lembar Obsérvasi Aktivitas Siswa

Lembar obsérvasi aktivitas siswa mangrupa alat keur nitenan nu digunakeun pikeun nempo aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung. Lembar obsérvasi ieu dieusi ku obsérver sanggeus nitenan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

LEMBAR OBSERVASI AKTIVITAS SISWA

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompeténsi : (12.4) *Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk puisi, esai, dan naskah drama.*

Kompetensi Dasar : (12.4.2) *Menulis esai berdasarkan topik tertentu*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	<p>Kegiatan awal</p> <p>a) siswa ngarespon guru nalika keur ngadata kahadiran.</p> <p>b) Siswa ngarti kana apresepsi jeung motivasi.</p> <p>c) Siswa ngarti kana tujuan pangajaran.</p>			
2.	<p>Kegiatan inti</p> <p>a) Ngaregepkeun materi ésai.</p> <p>b) Niténan media foto jurnalistik.</p> <p>c) Ngébréhkeun ide tina hasil niténan média kana wangun tulisan ésai.</p> <p>d) Nyieun karangan ésai.</p> <p>e) Ngoréksi kasalahan anu dijieun.</p> <p>f) Nanya hal anu teu dipikaharti.</p>			
3.	<p>Kegiatan ahir</p> <p>a) Merhatikeun kana penegasan materi anu ditepikeun.</p> <p>b) Ngalaksanakeun postes</p> <p>c) Ngabandungan kagiatan</p>			

	pangajaran satuluyna kaasup tugas. d) Panutup.			
Jumlah				
Persentase				

Keterangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catatan obsérver:

.....

.....

.....

.....

Bandung, ... Januari 2011

Observer

Panalungtik,

NIP/ NIM

NIM

3.5.3.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan dieusian ku obsérver salaku catetan salila prosés pangajaran anu mangrupa catetan ngeunaan kajadian dina pangajaran anu heunteu

nyampak dina lambaran obsérvasi.

LEMBAR CATETAN LAPANGAN

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Catetan Lapangan	Réfleksi jeung Analisis

(Wiriaatmadja, 2009:129)

Bandung, Januari 2011

Panalungtik

Obsérver,

Winda Yusmiati

Dra.Cucum Sumirah

NIP/NIM

NIP/NIM

3.6 Analisis Data

Analisis data di unggal siklus, salaku bahan réfléksi pikeun pelaksanaan siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, di antarana:

1. Ngalakukeun réduksi atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina ieu hal, panalungtik baris ngumpulkeun sakabéh alat ngumpulkeun data

anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.

2. Ngalakukeun interprétasi data atawa napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pertanyaan.
3. Ngaanalisis data nu mangrupa hasil tés nulis ésai siswa diunggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) palajaran basa sunda di SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung nya éta 65. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa anu meunang peunteu >65 , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang ti <65 . Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabel 3.3.
4. Analisis Lembar Observasi Aktivitas Guru

Lembar observasi aktivitas guru diolah ku cara ngadeskripsikeun kabéh kagiatan nu dilakukeun ku guru ti mimiti ngajar nepi ka beres ngajar. Lembar ieu kudu dianalisis pikeun mikanyaho kumaha peran guru dina ningkatkeun prosés jeung hasil pangajaran nulis ésai ngagunakeun média foto jurnalistik. Hasil evaluasi aktivitas guru dina siklus 1 digunakeun pikeun nangtukeun perancangan jeung pelaksanaan dina siklus nu satuluyna.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan ngawengku sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun salila panalungtikan ti awal nepi ka ahir, diantarana waé:

- 1) Répléksi awal tina pangajaran nulis ésai.

- 2) Ngaidentifikasi pasualan di kelas anu ngabalukarkeun munculna pasualan nu karandapan ku siswa dina pangajaran nulis ésai.
- 3) Netepkeun média pangajaran nu baris digunakuen dina pangajaran nulis ésai.
- 4) Netepkeun jumlah siklus salila pelaksanaan PTK, nya éta dua siklus.
- 5) Ngaanalisis standar kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 6) Nyusun RPP janagan disingkat, anu ngawengku: indikator, tujuan pangajaran, skenario pangajaran, aloksi waktu, metode, alat jeung bahan, jeung evaluasi kaasup tés.
- 7) Nyieun instrumen panalungtikan pikeun masing-masing siklus, nu ngawengku: lambar observasi aktivitas guru, lambaran observasi aktivitas siswa, jeung catetan lapangan.
- 8) Ngajukeun proposal panalungtikan ka jurusan.
- 9) Ngalaksanakeun seminar proposal panalungtikan.
- 10) Bimbinbgan Bab I.II jeung III
- 11) Prak-prakan tindakan siklus I
- 12) Refleksi tindakan siklus I, anu hasilna digunakeun salaku patokan dina nagtukeun *perbaikan* tindakan dina siklus II.
- 13) Prak-prakan tindakan siklus II.
- 14) Refleksi tindakan siklus II, anu hasilna digunakeun salaku kacindekan panalungtikan.
- 15) Bimbinagn Bab IV jeung V.
- 16) Ujian sidang skripsi panalungtikan.